

**TINDAK TUTUR NGINCIM  
KANGGO PANJURUNG ING PANGGULAWENTHAH  
ING DESA PACIRAN, KECAMATAN PACIRAN,  
KABUPATEN LAMONGAN**

**Atik Dwi Agustin, Dr. Murdiyanto, M.Hum**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Surabaya  
atikdwiagustin@gmail.com

**Abstrak**

Tindak turur ngincim kalebu tindak turur *komisif* sing isih digunakake lan kerep diprangguli ing bebrayan. Tindak turur ngincim kanggo panjurung ing panggulawenthah ditindakake dening panutur kanthi anane sebab, banjur tuwuhanan rasa *simpatik* lan *empatik* marang wong tertamtum, mula tuwuhanan nalar kang bisa nindakake inciman. Saka nalar kasebut bisa tuwuhan TTN kang nduweni maksud supaya wong sing diincim bisa luwih becik. Dhasar kuwi nduweni sesambungan karo sumber, *struktur sosial*, *relasi sosial*, *norma sosial*, lan kahanan *sosial*.

Punjere panliten iki yaiku ngenani apa wae jinis TTN adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitratutur ing masyarakat Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan. Adhedhasar punjere panliten, ancas panliten iki ngandharake lan njlentrehake jinis TTN adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitratutur. Paedah teoritis panliten iki yaiku kanggo nyengkuyung ilmu pragmatik lan menehi sumbangsih tumrap ilmu sintaksis ngenani ukara TTN. Paedah praktis kanggo ngrembakake materi ajar basa Jawa ing sekolahana mligine tatacara ngincim kang pener lan bener.

Panliten tindak turur ngincim iki sipate *deskriptif analisis*. Teori sing digunakake yaiku teori tindak turur Leech lan Grice. Dhata panliten iki dijupuk dening panlitin ing lapangan lan saka siaran TV Lamongan. Sumber dhatane asale saka cathetan lan rekaman warga Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan. Tatacara nglumpukake dhata kanthi metodhe semak lan wicara. Tatacarane njlentrehake dhata kanthi metodhe kategoris, teks lan konteks. Dene tatacara nyuguhake jlentrehan dhata kanthi *deskriptif* lan *informal*.

Jinis TTN adhedhasar lageyane panutur diperang dadi papat yaiku (1) blaka langsung , (2) samudana langsung, (3) blaka ora langsung, (4) samudana ora langsung, Dene jinis TTN adhedhasar pananggape mitratutur ana telu yaiku (1) katampa, (2) ora katampa nanging ora katampik lan (3) katampik.

**PURWAKA**

**Landhesane Panliten**

Tindak turur kalebu gejala individual kang asipat psikologis, Sajrone tindak turur dideleng saka konteks kadadeyan, uga luwih nggatekake maksud sajrone tuturan.

Sasuwene iki tindak turur mung ngandharake kepriye *wujud* lan dayane kang diwedharake dening pamicara. Wekasane njlentrehake gedhene dayane tindak turur kasebut marang mitratutur. Kang sejatiné ora mung *wujud* lan dayane ukara marang mitratutur, nanging nduweni maksud lan tujuwan tumrap mitratuture.

Panliten iki bakal nliti Tindak Turur Ngincim (TTN) salah sawijine tindak turur kang ndayani tumrap mitratutur kanggo nanggapi wedharan saka pamicara. TTN kang ana ing masyarakat kadhang kala ora nggatekake undha-usuking basa lan sapa mitratuture. Ana golongan masyarakat tartamtu sing kudu dikurmati lan ana golongan masyarakat liya sing bisa diadhepi kanthi cara biyasa (Poedjosoedarma, 1979:6). kanthi bebas. kurmate nalika nindakake TTN utawa nalika nanggapi TTN saka wong tuwa. Klompok-klompok kang beda profesi utawa beda kalungguhan ing masyarakat kerep nggunakake cara sing beda uga

(Anwar, 1995:220). Mula saka iku lageyane punutur lan pananggape mitratutur sajrone TTN ana sesambungan karo struktur sosial, relasi sosial, norma sosial uga kahanan sosial.

Teori kang digunakake yaiku teori tindak turur komisif, miturut Leech (1993:64) TTN kalebu tindak turur komisif yaiku tindak turur tumrap panutur marang mitratutre sing nduweni maksud supaya nindakake tumindak tertamtum ing wektu kang bakal tumeka utawa pangket pititure kanggo nindakake apa kang sinebut sajrone pocapane. TTN umume ngandhut maksud lan tujuwan kang ala, nanging TTN ugi nduweni maksud kang becik, prinsip unggah-ungguh kudu bisa dijaga kanggo kaseimbangan sosial.

**Punjere Panliten**

Punjere panliten adhedhasar landhesane panliten ana ing ndhuwur yaiku:

- (1) Apa wae jinis TTN kanggo panjurung ing panggulawenthah adhedhasar lageyane panutur ing masyarakat Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan?
- (2) Apa wae jinis TTN kanggo panjurung ing panggulawenthah adhedhasar pananggape mitratutur ing masyarakat Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan?

### Ancase Panliten

Adhedhasar punjere panliten, ancane panliten ana ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake jinise TTN kanggo panjurung ing panggulawenthah adhedhasar lageyan panutur ing masyarakat Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan.
- (2) Ngandharake jinise TTN kanggo panjurung ing panggulawenthah adhedhasar pananggape mitratutur ing masyarakat Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan.

### Paedahhe Panliten

Paedah sajrone panliten iki diperang dadi loro yaiku paedah teoretis lan paedah praktis.

Paedah Teoretis Asil panliten iki bisa kanggo panyengkuyung ngrembakake ilmu pragmatik Jawa kang wis ana sadurunge. Saliyane iku, asil panliten iki uga bisa menehi sumbangsih tumrap pangrembakane kajian tindak turur basa Jawa lan linguistik. Ilmu basa, bisa kanggo nambah lan ngrembakaake ilmu basa, mligine ilmu semantik babagan teges lan maksud tindak turur. Panliten sabanjure, bisa kanggo bahan referensi lan bandhingan kanggo panliten babagan tindak turur ing sabanjure.

Paedah praktis asil panliten iki diajab bisa menehi paedah tumrap:

- (1) Panliti, bisa kanggo nambah kawruh kanthi cetha ngenani tindak turur kanggo panjurung ing panggulawenthah.
- (2) Pamaca, bisa kanggo referensi lan kanggo punjere nalika menehi panjurung ing panggulawenthah ing pendhidhikan.

### Watesane Tetembungan

Anane watesan panliten iki diajab, anggone nliti ing tembe mburine ora bakal ana bab kang nggrambyang, mbleber tekan ngendi-endi lan bisa dititiki kanthi cetha. Kang kapisan ngenani basa kang dienggo ing panliten iki yaiku basa Jawa kang saben dina dienggo cecaturan ing masyarakat Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan. Kapindho nliti punjere prekara kanthi perangan struktur sosial andhedhasar umur lan jinis kelamin. Struktur sosial kuwi andhedhasar umur, drajad, status ekonomi lan pendhidhikane pamicara. Ing panliten iki, struktur sosial kaperang dadi pitung golongan yaiku: (1) guru marang muride, (2) pamrintah marang rakyat, (3) kyai marang santri, (4) wong tuwa marang anak, (5) bojo marang garwane, (6) wong lanang marang wong wadon lan (7) wong tuwa marang wong enam. Katelu nliti ngenani tindak turur ngincim kanthi dhasar relasi sosiale. Relasi sosial ing kene kaperang dadi paseduluran kang cedhak lan adoh.

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

#### Ngincim minangka Tindak Turur Komisif

Miturut Yule (1996:94) TTN tebane ana ing sangisore tindak turur ilokusi komisif. Panutur nindakake TTN awit nuduhake rasa kuwatos panutur lan nduweni tujuwan tenanan, nurut, ngregani lan weneh rasa kurmat marang panutur. Tujuwan kuwi ana

ing sawalike wedharan TTN kang sinebut *daya ilokusi*. Saliyane wis kasil nindakake tindak turur *ilokusi* panutur uga kasil nindakake tindak turur *perlokusi* kanthi nyawang pananggape mitratutur. Panutur ing kene nyoba ngaruh-aruhi mitratutur supaya TTN sing ditindakake ditampa. Yenta miturut panemu sajrone (Ibrahim, 1993:12) mitratutur nindakake kaya apa sing dikarepake panutur mula panutur wis kasil ing efek perlokusi.

Ngincim ngandharake maksud (niyat, ancangan) kanggo nglakoni karugian tartamtu, angel, nyusahake, nggawe cilaka pawongan liyane, nanging ngincim uga bisa nduweni maksud kang becik nalika ndadekake wong kang diincim saya luwih becik saka sadurunge diincim, mula bisa gawe panjurung tumrap pawongan kang diincim. Searle sajrone (Suyono, 1990:5) uga nglebokake ngincim klebu ing jinise tindak turur komisif. Dene Leech (1983:163) nglebokake ngincim ing jinis tindak ilokusi *bertentangan* utawa *conflictive*. Tindak ilokusi *conflictive* lumrahe gawe serenge liyan, ora nduweni fungsi subasita. Kanthi dhasar kuwi mula ngincim kalebu ing tindak turur *komisif*.

Tindak turur komisif yaiku salah siji pamerange tindak turur *ilokusi* sing gunane menehi daya pangaribawa marang mitratutur kanggo nindakake samubarang. Sakabehe tindak turur *komisif* kalebu ing sajrone perangan *conflictive*. Yaiku dumadi saka perangan ilokusi-ilokusi ing ngendi sopan santun kang negative dadi samubarang kang wigati.

#### Tege lan Titikane Tindak Turur Ngincim

Miturut Djajasudarma (1994:62), tindak turur yaiku aksi utawa tumindak kang digunakake basa. Miturut panemune Chaer, panutur nggunakake basa kanggo menehi informasi (Chaer, 1995:65). Tindak turur miturut panemune Austin (1956) kanthi irah-irahan *How to do things with word?*, ngandharake ngenani telung jinis tindak turur, yaiku tindak *lokusi*, *ilokusi*, lan *perlokusi*. Austin sajrone (Ibrahim, 1993:129) ngandharake yenta tindak turur nuduhake kalungguhane panutur ing kelompok tartamtu. Kanthi dhasar kuwi mula miturut Austin struktur sosial menehi daya pangaribawa tumrap tindak turur. Searle sajrone (Nadar, 2009:4) ngandharake yenta cara negesi pocapan kuwi gumantung kahanan sajrone konteks. Searle (sajrone Mulyana, 2005:24) ngandharake yenta konteks sosial yaiku relasi sosio-kultural sing njangkepi sesambungan panutur karo mitratutur nalika omongan-omongan. Kanthi dhasar kasebut genah yenta miturut Searle sing menehi daya pangaribawa tindak turur dudu struktur sosial nanging relasi sosial. Ing taun 1980-an Levinson nemokake teori tindak turur sing bisa nemukake panemune Austin lan Searle. Miturut Brown & Levinson (1987) tindak turur kena daya pangaribawa *jarak sosial* (*social distance*, *D*), *kewenangan relatif* (*relative power*, *P*), lan *tingkat imposisi* saka tuturan(*absolute ranking of imposition*, *R*).

TTN yaiku salah sijine jinis tindak turur komisif kang ngiket pamicarane amrih nindakake apa kang disebutake ing wedharan. Titikane TTN blaka

yaiku kanthi anane tembung panandha ‘awas’ lan ‘titenana/titemi’. Titikan ing ndhuwur bisa digunakake yen tindak tutur ngincim diwedharake kanthi blaka lan samudana. Panutur anggone medharake TTN ana kang nambahi embel-embel njanjeni tumrap pepinginan kang nyenengake uga bisa kedadeyan sing paling diwedeni, saengga ora bisa tumindhak sakarepe dhewe. Embel-embel kuwi diwedharake kanthi blaka lan samudana. Panutur nggunakake tatacara kang beda-beda gumantung kontekst lan paugeran (*konvensi*). Dene adhedhasar tatacara sing digunakake TTN bisa ditindakake kanthi langsung lan ora langsung. TTN dening mitratutur uga bisa ditanggapi kanthi cara nampa, ora nampa lan ora nampik sarta nampik.

TTN ditindakake panutur kanggo milih tumindak apa kang arep dilakoni mitratutur, biasane mitratutur bingung lan pasrah manut sing diandharake panutur demi kabecikan lan kautaman apa sing dikarepake panutur kasebut. Bab kuwi tujuwane kanggo ngregani lan nyenengake panutur sing nduwensi pepinginan tartamtu tumrap mitratutur. Gunarwan (2007:229) uga ngandharake yen wong Jawa anggone nglakoni urip nengenake prinsip karukunan sing ing njerone ana kurmat, andhap asor, empan papan lan tepe slira. Nanging TTN kuwi nduwensi fungsi *conclusive* jalaran nduwensi tujuwan kang beda adoh kelawan fungsi sosial, Leech (1983:198). TTN uga diarani kasil yen mitratutur mangerteni maksude panutur lan manut marang daya ilokusine panutur.

#### **Sumbere Tindak Tutur Ngincim**

Wong sing nindakake TTN ora tuwuhan tanpa sebab nanging ana sumber sing njalari. Sumber sajrone TTN uga diandharake dening Ibrahim (1993:263) yen TTN nduwensi pola sing dumadi saka referensi, pocapan ngincim, lan pananggape mitratutur. Adhedhasar andharan ing ndhuwur sing disebut sumbere TTN yaiku referensi. Referensi dhewe nduwensi teges sumbere pituduh (Pranowo, 2001:260). Mula yen disambungake karo andharan ing ndhuwur referensi minangka sumber saka TTN. Sumber kuwi asale saka mitratutur kang arupa sebab. Panutur nanggapi kanthi nindakake TTN kang banjur uga ditanggapi dening mitratutur.

Sajrone proses sosial ana norma-norma kang tuwuhan asipat verbal lan nonverbal. Proses sosial verbal yaiku proses sosial kang nggunakake basa minangka sarana kang utama. Proses sosial nonverbal ngener ing proses sosial sing ora nggunakake basa nanging tumindak minangka sarana kang utama. Adhedhasar pamerang kuwi mula sumbere TTN ana loro yaiku pocapan (*verbal*) lan solah bawa (*nonverbal*). Sumber pocapan yaiku pawenehan kang luwih nengenake basa lan pocapan minangka sarana kang utama. Yaiku pocapan kang ora bener lan ora trep. Dene sumber solah bawa yaiku luwih nengenake tumindhak minangka sarana utama, yaiku tumindak utawa solah bawa kang ora bener lan kurang trep kanggo urip ing bebrayan. TTN kang dumadi ing masyarakat desa Paciran iki dumadi ing konteks sosial utawa kahanan sosial kang ora resmi.

#### **Wujude Ukara ing Tindak Tutur Ngincim**

TTN diwujudake kanthi ukara lumantar andharan lesan dening panutur. Gudai (1989:115) ngandharake yen antarane jinis ukara tartamtu lan daya ilokusi nduwensi sesambungan langsung kuwi sinebut blaka. Dene yen jinis ukara digunakake kanggo ngandharake saliyane guna ukarane ateges ukara kuwi sinebut ora blaka. Nanging yen nduwensi asipat rahasia kang namung pawongan kang diincim sing bisa mangerteni sinebut ora blaka. Ing ngisor iki diandharake jinise ukara kang digunakake sajrone tuturan ngincim.

#### **Ukara Pakon**

Ukara pakon digunakake kanggo abang-abang lambe. Ukara pakon utawa prentah yaiku wedhare gagasan tumuju wong kang kaping pindho supaya nglakoni utawa nindakake pagawean. Ukara pakon iki uga nduwensi teges ngincim, mrentah, ngece, ngetogake lan nglulu (Antunsuhono, 1956:130).

#### **Ukara Carita**

TTN lumrahe yaiku medharake rasa pangrasane panutur nggunakake ukara carita. Antunsuhono (1956:127) ngandharake yen ukara carita iku ukara wedhare gagasane manungsa, tumuju marang wong kang diajak guneman, supaya mangerti apa bae kang diwedharake, magepokan awake dhewe utawa wong liya, nyritakake kedadeyan kang mentas rinungu, dideleng, rinasa, menehi wawasan, pitur, nerokake gunem lsp. Adhedhasar panemu ing ndhuwur TTN klebu ukara carita kang ngandharake rasa simpatik, empatik, ngregani, bisa milah kedadeyan apa kang wis tau dilakokake.

#### **Ukara Pitakon/ Patanya**

Ukara pitakon sajrone TTN lumrahe digunakake ing abang-abang lambe. Kementrian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan (1946:22) ngandharake yen pitakon iku wose njaluk katrangan apa-apa. Dadi sing takon nduwe karep, kepengin nyumurupi apa wae. Padmosoekotjo (1987:156) ngarani ukara pitakon kanthi ukara patanya. Ukara pitakon iku wedhare gagasane manungsa kepengin mangerti apa kang durung diweruhi. Titikane ukara iku gampang wae yaiku nggunakake tembung apa, sapa, kepriye, yagene, apa sebabe, lan kena apa (Antunsuhono, 1956:129). **Lageyane Panutur Tindak Tutur Ngincim Blaka**

Jinise TTN adhedhasar lageyane panutur bisa diperang dadi loro yaiku tatacara medharake lan tatacara sing digunakake. Tatacara sing diwedharake panutur ana loro yaiku kanthi blaka lan ora blaka. Dene tatacara sing digunakake panutur kuwi ngenani panutur mbutuhake wong katelu utawa ora anggone nindakake ngincim. Mula saka kuwi tatacara sing digunakake panutur ana loro yaiku langsung lan ora langsung.

#### **Tindak Tutur Ngincim Blaka**

Blaka yaiku tarbuka lan apa anane uga ora wedi keruhan. Biasane gawe wong kang wis akrab utawa nduwensi sesambungan kang raket, saengga ora ana rasa yen ora kepenak apa maneh nyungkani marang sing diincim tumrap pawongan liya kang weruh

kedadeyan ngincim kasebut. Uga bisa tarbuka nalika ngincim kasebut nduweni maksud ngincim ing sakabehe wong-wong kang ana ing sapanggonan sing nduweni status kang padha. Kayata pelajar, mahasiswa, guru, pemerintah lan liya-liyane. Nanging ing kene wong sing ngincim drajate kudu luwih dhuwur tinimbang sing diincim, amarga ngincime kuwi kanggo perangan kelompok. Bisa-bisa yen ngincim kusi luwih enom bakal ora digatekne utawa diremehna.

#### **Tindak Tutur Ngincim Ora Blaka**

Kanthi cara ora blaka yaiku namung pawongan tartamtu sing bisa nrima anane inciman kang ana. Ora bisa sapenake dhewe nalika menehi inciman marang wong liya, ana perangan khusus sing wong liya ora bisa mangerteni nalika wong kasebut ngincim. Amarga bisa nuwuuhake kedadeyan ing sajabane maksud kang ana sajrone ngincim kuwi, inciman kuwi asipat rahasia kang namung pawongan kang diincim sing bisa mangerteni. Tuladha cara ora blaka bisa kajupuk saka inciman antarane individu tartamtu karo individu liya.

#### **Tindak Tutur Ngincim Langsung**

TTN langsung mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine wedharan. Cara sing digunakake panutur ing kene kanthi medharake kanthi sapajagong karo mitratutur. TTN langsung iki mujudake TTN kang ditindakake dening panutur langsung marang mitratuture, tanpa lantaran wong katelu.

#### **Tindak Tutur Ngincim Ora Langsung**

TTN ora langsung mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine panjaluk. TTN ora langsung iki nduweni titikan yaiku anane wong katelu sajrone tuturan. Ateges panutur njaluk tulung marang wong katelu kasebut kanggo medharake apa kang dikarepake dening panutur.

#### **Pananggape Mitratutur Tindak Tutur Ngincim**

Wong sing nindakake TTN mesthi nduweni tujuwan TTN kuwi ditanggapi. Pananggape mitratutur bisa diperang dadi telu yaiku TTN kang katampa ora katampa nanging ora katampik lan TTN kang katampik.

#### **Tindak Tutur Ngincim kang Katampa**

Miturut Ibrahim (1993:40-41) mitratutur nampa TTN saka panutur awit mitratutur bisa ngrasakake yen panutur bener-bener tulus nindakake TTN. Saliyane kuwi mitratutur nampa lageyane panutur awit uga pengin males ngregani panutur kang ngurmati dheweke. Bisa uga wong sing nampa lageyane panutur ora amarga alasan ing ndhuwur nanging mung nindakake pangajap sosial wae minangka formalitas.

#### **Tindak Tutur Ngincim kang Ora Katampa nanging Ora Katampik**

TTN kang ora katampa nanging ora katampik yaiku pananggape mitratutur kang ora bisa diarani katampa lan ora bisa diarani katampik mula bisa sinebut wandu. Pananggap sing kaya mangkono kuwi ditindakake mitratutur sing golek aman. Golek aman tegese supaya pananggape kuwi ora nguciwakake panutur. Ana TTN sing yen ditampik uga ora sopan. Titikane yaiku ukarane nggunakake tembung "ya" kang asipat

nyarujuki nanging uga nggunakake tembung "ora" kang asipat kontradiktif. Uga bisa dititiki saka solah bawa mitratutur kanthi kinesik "meneng". Ora manthuk utawa nggelengake sirah. Saengga nuduhake yen TTN kasebut ora katampa nanging uga ora katampik.

#### **Tindak Tutur Ngincim kang Katampik**

Mitratutur nampik lageyane panutur uga nduweni alasan dhewe-dhewe. Miturut Ibrahim (1993:41) TTN kang katampik awit mitratutur ora ngregani panutur. Saliyane kuwi cara sing digunakake panutur ora kasil ngregani mitratutur. TTN kang katampik awit panutur nerak paugeran tumrap cara nindakake TTN jumbuh karo pangajap sosial. Ana uga lageyane panutur kang ditampik awit mitratutur malah pengin ngurmati panutur. TTN kang katampik bisa dititiki kanthi anane tembung 'gak lan moh' sarta ukara kang asipat kontradiktif karo lageyane panutur. Yenta kanthi solah bawa bisa dimangerteni yen mitratutur ora bisa nglakoni maksud sajrone TTN kang ditindakake panutur. Saengga nuduhake TTN kang katampik dening mitratutur.

#### **Konteks ing Tindak Tutur Ngincim**

Miturut Cummings (1999:5), ngandharake yenta pragmatik ora bisa ditegesi kanthi jangkep yen kontekse ora disebutake. TTN klebu perangan sing disinaoni ing pragmatik uga ora bisa diuwali karo konteks. Konteks yaiku sawijine donya kang diisi dening wong-wong sing ngasilake pocapan. Parera (1990:120) njlentrehake yen konteks iku sawijine kahanan sing dumadi saka anane setting, kagiyanan, lan relasi. Yen dumadi interaksi antarane telung perangan kuwi mula bakal mujudake konteks. Setting yaiku kahanan, wektu lan papan panggonan nalika TTN ditindakake. Kahanan iki uga bisa kaperang dadi kahanan resmi lan ora resmi. Kagiyanan yaiku kabeh tingkah laku sing dumadi sajrone interaksi sosial TTN. Kagiyanan kuwi uga ngenani tindak verbal lan non verbal. Dene relasi yaiku sesambungan antarane panutur lan mitratutur kang nindakake TTN. Sesambungan kuwi ditemtokake dening (1) jinis kelamin, (2) umur, (3) kalungguhan, (4) sesambungan kluwarga, (5) sesambungan kadhinasan: umum, militer, pendidikan, kepegawaian, majikan lan buruh lan sapanunggalane.

#### **Kerangka Teori**

Leech (1993:199) ngandharake yen kalungguhan asimetrik yaiku panutur sing nduweni kalungguhan luwih dhuwur lan kuwasa bisa nggunakake wujud celukan kang akrab. Dene mitratutur anggone nanggapi panutur mawa wujud celukan kang kurmat. Status sosial luwih nengenake sapa sing luwih kuwasa antarane panutur lan mitratutur.

Pangetrage teori TTN uga ana gandhengane karo teori maksim yaiku prinsip *kerjasama* Grice lan Prinsip *kesopanan* Leech. Prinsip kerjasama Grice diperang dadi papat yaiku maksim *kuantitas* (*maxim of quantity*), maksim *kualitas* (*maxim quality*), maksim *relevansi* (*maxim of relevance*), lan maksim *pelaksanaan* (*maxim of manner*). Adhedhasar prinsip-prinsip *kerjasama* (*Cooperative Principle*) Grice, Leech

(1993) uga nemokake teori kang ndayani ing ngrembakane prinsip *kerjasama*, yaiku prinsip *kesopanan* (*politeness principle*). Maksim-maksim sajrone prinsip *kesopanan* yaiku maksim *kebijaksanaan* (*tact maxim*), maksim *kemurahan hati* (*the generosity maxim*), maksim *penerimaan* (*The approbation maxim*), maksim *kerendahan hati* (*the modesty maxim*), maksim *persetujuan* (*the agreement maxim*) lan maksim *kesimpatian* (*sympathy maxim*).

## **METODHE PANLITEN**

### **Ancangan Panliten**

Panliten kang dianakake iki nganggo cara *deskriptif analisis*, yaiku solah TTN kanthi ngandharake konteks lan teks. Konteks ing bab iki minangka salah sawijining perangan kang bisa dijingglensi ngenani relasi sosial lan struktur sosial antarane paraga. Kanthi cara mangkono bisa gampang anggone ngandharake lan njlentrehake.

Titikane nganggo teori dhasar, konsep dhasar, modhel uga ancangan panliten bab bisa kaya umume (Kridalaksana, 1948:118). Panliten iki uga asipat sinkroni, amarga mung ngrembug tindak tutur ngincim ing jaman saiki. Ora ngombo-ngombo ing jaman kawuri. Saliyane iku panliten iki uga luwih nengenake sosiologine, jalaran sing dijingglensi ing lapangan yaiku paraga-paragane. Semono uga panliten iki bakal njlentrehake pola-pola lan tatacarane TTN sing disambungake karo konteks uga sumber.

### **Sumber Dhata lan Dhata Panliten**

Sumber dhata lan dhata minangka bab kang wigati sajrone panliten. Saka sumber dhata panliti bisa mangertenai metodhe lan teknik kang trep banjur bisa mujudake dhata sajrone panliten.

Sumber Dhata sajrone panliten iki awujud ukara-ukara TTN kang wis kasil kacathet utawa karekam sawise nyemak cecaturan lan siaran TV ing Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan. Ukara-ukara kang kacathet uga saka konteks sosial kang digunakake panutur. Dene sumbere dhata ing panliten iki asale saka cecaturan alamiah warga lan pendhidhik, sarta cathetan-cathetan ngenani TTN saka siaran TV.

Sumber kasebut kapilih dadi sumber dhata amarga narik kawigaten panliti lan dianggep pinunjul makili panliten TTN kango panjurung ing panggulawenthah. Dhata kang kapilih kuwi banjur diudhari kanthi tintingan pragmatik.

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku arupa frasa, klaus, tembung lan ukara awujud cecaturan kang diandharake kanthi cara alamiyah banjur diudhari kanthi tintingan pragmatik, banjur dijlentrehake kanthi cara *deskriptif kualitatif*. Banjur kango njangkepi sumber dhata kasebut, dhata kang wis ana diwaca lan didokumentasikake.

### **Instrumen Panliten**

Instrumen kang digunakake sajrone panliten iki ana loro yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Panliti ing panliten iki dadi instrumen utama. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti

kang nggolek dhata, nganalis dhata lan nulis panliten iki. Panliti sajrone nglumpukake dhata luwih akeh gumantung marang awake dhewe minangka piranti nglumpukake dhata. Panliti bisa mbiji sawijine kahanan lan nduwe kuwasa nemtokake samubarang. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud alat utawa piranti kang bisa nyengkuyung nglumpukake dhata. Piranti kuwi awujud cathetan. Dene subjek kang dianggo sajrone panliten iki yaiku pawongan kang ngandharake konteks-konteks TTN kang manggon ana ing Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan.

### **Tatacara Nglumpukake Dhata**

Tatacara sing dianggo nglumpukake dhata panliten yaiku nggunakake metodhe semak lan metodhe guneman.

### **Tatacara Njlentrehake Dhata**

Sawise dhata kang dikarepake wis nglumpuk, banjur dhata kuwi diolah kanthi metodhe *kategoris, deskriptif* lan *distribusional*.

### **Tatacara Nyuguhake Asil Njlentrehake Dhata**

Ing panliten iki, tatacara nyuguhake asil saka njlentrehake dhata yaiku kanthi ngandharake asil jlentrehan dhata kang awujud lapuran observasi ngenani jinis-jenis TTN kanggo panjurung ing panggulawenthah ing Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan. Sudaryanto (1993:144) ngandharake dhata-dhata kasebut bisa dijlentrehake kanthi metodhe informal.

## **ASILING PANLITEN**

### **Andharan Dhata**

Dhata-dhata sing wis diklumpukake banjur diandharake lan dijlentrehake adhedhasar jinis. Jinise TTN diperang dadi loro yaiku adhedhasarlageyane panutur lan pananggape mitratutur. Lageyane panutur ditempukake dadi patang jinis. Dene pananggape mitratutur diperang dadi telung jinis.

### **1. Tindak Tutur Ngincim Adhedhasar Cara Medharake**

Bab IV iki bakal ngandharake lan njlentrehake ngenani jinis tindak tutur ngincim ing Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan adhedhasar cara medharake, pananggape mitratutur, asil panliten lan dhiskusi asil panliten. Jinis-jenis tindak tutur kasebut uga bakal digayutake karo struktur lan relasi sosial. Luwih cethane bakal dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

#### **1.1 Tindak Tutur Ngincim kanthi Blaka kang Langsung**

TTN kanthi blaka langsung iki ditindakake dening panutur apa anane tanpa abang-abang lambe, mawa abang-abang lambe lan langsung marang mitratutur. Ngincim ing donya pendhidhikan uga perlu ditindakake, amarga bab iki bisa ndadekake murid nindakake apa kang dadi pakone gurune. Saliyane kuwi TTN uga bisa menehi panjurung marang murid supaya asil pasinaone luwih apik tinimbang sadurunge. Jaman saiki akeh murid kang ora manut lan wani marang gurune. Dadi arane TTN iki dikarepake bisa ndadekake murid manut lan nindakake paugeran kang

ana. Saliyane kuwi kanthi ana TTN iki bisa ndadekake murid tumindak luwih becik.

Ing ngisor iki bakal kaandharake TTN tumrap panutur kang umure luwih tuwa marang mitratutur kang umure luwih enom, yaiku guru marang muride.

- (1) P : Aja lali digarap PR'e nang omah, mene dikumpulna. Awas yen gak ngumpulna, ora bakal bisa melok ulangan.

*(Jangan lupa dikerjakan PRnya dirumah, besok dikumpulkan. Awas kalau tidak mengumpulkan, tidak akan bisa ikut ulangan)*

MT : Nggih Bu.

- (Iya Bu) (Dhata no.1)  
(2) P : Sinau sing temen Cah, ben nilaine apik.

*(Belajar yang rajin Nak, supaya nilainya bagus)*

MT : Yen elek piye Bu?

*(Bagaimana kalau jelek Bu?)*

P : Ora bakal taklulusna!

*(Tidak akan saya luluskan!)*

MT : Meneng.

*(Diam) (Dhata no.3)*

- (3) P : Aja kerep keri Cah, yen luwih saka ping telu awas oleh surat peringatan!

*(Jangan sering telat Nak, kalau lebih dari tiga kali, awas mendapat surat peringatan)*

MT : Peringatan napa Bu?

*(Peringatan apa Bu?)*

P : Kanggo murid lan wali murid sing kena sanksi kuwi! apa pingin wong tuwamu isin?

*(Untuk murid dan wali murid yang mendapat sanksi itu! Apa ingin orang tuamu malu?) (Dhata no.4)*

(UT-JKW- DPD-TPD-SESD marang UB-JKL/JKW-DPC-TPS-SESS / RPC-ora resmi)

Tuturan TTN (1), (2) lan (3) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok, derajate pamicara dhuwur, tingkat pendhidhikan dhuwur lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratutur kanthi umur bocah, jinis kelamin lanang lan wedok, derajate pamicara cendhek, tingkat pendhidhikan sedhengan lan status ekonomi sosial sedhengan. Kekarone nduve relasi paseduluran kang cedhek. Dene kahanan ing cecaturan kasebut ora resmi.

Konteks dhata (1) P ngelengake marang MT supaya cepet ngrampungake PR'e. Tuladha ing ndhuwur nuduhake tindak tutur ngincim kang blaka antarane guru marang muride. Panutur nindakake TTN supaya kabeh eling lan ngumpulake PR'e, ora ana sing lali kaya biyasane. Panutur langsung ngandharake dhewe yen dheweke ngincim marang murid-muride supaya cepet anggone ngrampungake PR'e, sapa wae sing ora ngrampungake PR'e ora bisa melu ulangan. Mula kuwi kalebu cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya. Dadi anggone TTN kasebut bisa dadi panjurung marang

murid-muride supaya sesuk ngumpulake kabeh lan ora ana sing lali ngrampungake PR kuwi. Bisa dideleng ukara kang digunakake yaiku ukara pakon. Ing kene panutur menehi prentah lan ngelengake sarta ngandharake akibat saka tugas sing ora kalaksanan, supaya murid nduweni rasa wedi lan nduweni panjurung kanggo ngrampungake PR kasebut. Panutur ing kene nduweni umur luwih tuwa lan nduweni tingkat pendhidhikan luwih dhuwur tinimbang mitratutur. Panutur nggunakake basa ngoko anggone cecaturan marang mitratutur amarga umure luwih tuwa lan tingkat pendhidhikane uga dhuwur tinimbang mitratutur. Dene mitratutur sing nduweni umur luwih enom lan tingkat pendhidhikane cendhek nggunakake basa alus kanggo ngurmati panutur.

Konteks tuturan dhata (2) P ngutus MT sinau sing pintar. Dhata kasebut uga nuduhake TTN kang blaka. Adhedhasar konteks tuturan kasebut panutur menehi wejangan banjur mitratutur takon akibate apa yen ora manut karo wejangan panutur kasebut, banjur panutur nuwuahake TTN marang mitratutur. Adhedhasar tuladha kasebut, panutur nggunakake ukara pakon kang gunane nuwuahake rasa wedi banjur dadi panjurung tumrap mitratutur. Dadi ing kene panutur nggunakake basa ngoko nalika menehi wejangan lan inciman, amarga panutur nduweni umur kang luwih tuwa lan nduweni tingkat pendhidhikan luwih dhuwur tinimbang mitratutur. Mitratutur uga nggunakake basa ngoko nalika takon tumrap panutur, ing kene ora trep karo kahanane. Amarga mitratutur nduweni umur luwih enom lan tingkat pendhidhikan cendhek. Sanadjan alasane antarane panutur lan mitratutur wis kaya kekanca raket, nanging ing paugeran basa ora dibenerake. Kudune mitratutur kasebut nganggo basa alus kanggo ngurmati panutur.

Panutur nindakake TTN amarga mitratutur kerep keri nalika budhal sekolah. Mula saka kuwi panutur nindakake TTN supaya mitratutur nduweni niat kanggo ngowahi tumindake sing ora sregep nalika budhal sekolah. Saka inciman kuwi bisa dadi panjurung tumrap murid kanggo ngowahi tumindake supaya luwih becik. Wujud ukara ing TTN kuwi yaiku ukara pakon. Umure panutur lan mitratutur kang beda adoh ndadekake panutur milih cara blaka. Basa sing digunakake panutur nggunakake basangoko, dene mitratutur nggunakake basa krama alus nalika cecaturan awit anane rasa kurmat. TTN kuwi kalebu cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

## **1.2 Tindak Tutur Ngincim kanthi Samudana kang Langsung**

Masyarakat Lamongan mligine masyarakat Desa Paciran, anggone cara medharake tuturane ora mung kanthi cara blaka nanging uga bisa diwedharake kanthi cara samudana. Kayata tuladha ing ngisor iki.

Padatane sajrone cecaturan anggone ngincim, panutur nggunakake titikan awas utawa titenana. Dene inciman ing cecaturan kasebut durung diandharake kanthi gamblang, amarga inciman kasebut diandharake kanthi cara samudana kang langsung, ora lumantaran

saka wong liya. Luwih cethane kaya tuladha ing ngisor iki.

(4) P : Ris, wis dikumpulna nang mejaku durung tugase? Awas lho ya nek mbujuki!

*(Sudah dikumpulkan dimeja saya belum tugasnya? Awas ya kalau tidak ada!)*

MT : Sampun Bu, wingi sampun dikempalaken.

*(Sudah Bu, kemaren sudah dikumpulkan)*

*(Dhata no.2)*

(UT-JKW-DPD-TPD-SESD marang UB-JKW-DPC-TPS-SESS/ RPC- ora resmi)

Tuturan TTN (4) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok, derajate pamicara dhuwur, tingkat pendhidhikan dhuwur lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratuture kanthi umur bocah, jinis kelamin wedok, derajate pamicara cendhek, tingkat pendhidhikan sedhengan lan status ekonomi sosial sedhengan. Kekarone nduwe relasi paseduluran kang cedhek. Dene kahanan ing cecaturan kasebut ora resmi.

Konteks tuturan dhata (4) P nindakake TTN nalika takon lan negesake MT supaya ngumpulake tugas ing mejane. Dhata kasebut uga nuduhake TTN samudana kang langsung. Tuturan dhata (24) ditindakakae dening guru marang muride. TTN sing diandharake panutur mung negesake pitakonan kang kudu kalaksanan, dene sebab kang tuwuhan saka inciman kasebut ora diandharake kanthi gamblang. Adhedhasar tuladha kasebut, panutur nggunakake ukara pakon sajrone inciman. Dadi ing kene panutur nggunakake basa ngoko nalika ngincim, amarga panutur nduwени umur kang luwih tuwa. Mitratutur nggunakake basa alus nalika mangsuli, kanggo ngurmati panutur, amarga mitratutur nduwени umur luwih enom tinimbang panutur.

(5) P : Dititeni sing wedok-wedok. Saiki akeh wong wedok metheng *diluar pernikahan*. Awas aja nganthi kaya ngono! Eman mondok gak ngerti dosa.

*(Diingat yang cewek-cewek. Sekarang banyak orang perempuan hamil diluar nikah. Awas jangan sampai seperti itu! Percuma mondok tetapi tidak mengerti dosa.)*

MT : Meneng.

*(Diam) (Dhata no.19)*

Tuturan TTN (5) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin lanang, derajate pamicara dhuwur, tingkat pendhidhikan dhuwur lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratuture marang wong akeh, yaiku para santri kang melu pengajian lan maknai kitab. Panutur lan mitratutur nduwени relasi paseduluran kang adoh. Dene kahanan ing cecaturan kasebut resmi. TTN kasebut dumadi ing masjid sajrone pondok.

Saben wong anggone medharake apa sing dikarepake kanthi cara kang beda-beda, ana sing langsung diblakakake nanging uga ana sing disidemake. Tuladha (5) yaiku salah sijine TTN kang diwedharake kanthi samudana langsung amarga ora lumantar wong liya. Konteks tuturan dhata (5) P menehi pepeling tumrap wong wedok kudu bisa njaga awake. Panutur anggone ngincim ora langsung diblakakake nanging disidemake kanthi cara abang-abang lambe. P nindakake TTN kaya mangkana mau supaya MT bisa njaga awake kanthi becik. P abang-abang lambe yen santri kudu bisa ngerti dosa, supaya bisa

### **1.3 Tindak Tutur Ngincim kanthi Blaka kang Ora Langsung**

TTN minangka tindak tutur ilokusi yaiku sawijine tuturan kanggo panjurung mitratuture supaya nglakoni apa kang bakal ditindakake utawa tumuju ing tumindak kang dikarepake dening panutur kanthi kang nduweni maksud liya sajrone tuturane supaya mitratuture luwih becik anggone tumindak. Luwih cethane kaya tuladha ing ngisor iki:

(6) MT : Politik nek Indonesia saiki akeh sing gak jujur Pak. Wis angel nemoni wong sing jujur, akeh sing korupsi.

*(Politik di Indonesia sekarang banyak yang tidak jujur. Sudah sulit menemukan orang yang jujur, banyak yang korupsi)*

P : Iya pancen, tapi kabeh pamrintahan nek Indonesia iki kudu resik saka korupsi, nek ana pejabat pamrintahan sing nglakoni korupsi bakal diukum abot. Awas ae nganthi ngalakoni tumindak sing bisa ngrugikake wong liya! Mesti nyesel.

*(Iya memang, akan tetapi semua pejabat pemerintah harus bersih dari korupsi. Kalau ada pemerintah yang korupsi, akan dihukum berat sesuai ketentuan hukum di negara kita. Awas jangan sampai melakukan hal yang bisa merugikan banyak orang! Suatu saat pasti menyesal) (Dhata no.11)*

MT : Jaman saiki wis ora aman metu dhewe, akeh begal sing bisa ngincim kaslametane masyarakat. Piye miturut panjenengan Pak?

*(Zaman sekarang sudah tidak aman keluar sendirian, banyak kasus dan kabar mengenai begal. Bagaimana menurut anda Pak)*

P : Sapa wae kang nindakake begal, wis agawe masyarakat ora tentrem. Awas sapa wae sing ketangkep bakal diwenehi ukuman kang abot, yen perlu ukuman mati!

*(Siapa saja yang melakukan begal, sudah membuat masyarakat tidak*

*tentram. Awas siapa saja yang tertangkap akan mendapatkan hukuman yang berat. Jika perlu hukuman mati kalau kasusnya berlapis-lapis* (Dhata no.12)

(UT-JKL- DPD-TPD-SESD marang UE-JKL-DPC-TPS-SESS/ RPC- ora resmi)

Tuturan TTN (6) lan (7) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin lanang, drajade pamicara dhuwur, tingkat pendhidhikane dhuwur lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratutute kanthi umur enom, jinis kelamin lanang, drajade pamicara cendhek, tingkat pendhidhikane sedhengan lan status ekonomi sosial sedhengan. Kekarone nduweni relasi paseduluran kang cedhek. Dene kahanan ing cecaturan kasebut ora resmi.

Ing tuturan (6) panutur nindakake TTN sawise MT ngudarasa marang P ngenani pamrintah sing korupsi. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku blaka mawa abang-abang lambe lan ora langsung. Tatacara blaka tanpa abang-abang lambe kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha awas. Wujud ukara TTN kalebu ukara carita lan ukara pakon. TTN kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya.

Konteks tuturan (7) MT njaluk pamanggihe P ngenani ukumane wong sing wani begal. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku blaka mawa abang-abang lambe lan ora langsung. Tatacara blaka mawa abang-abang lambe kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha awas. Wujud ukara TTN kalebu ukara pitakon lan ukara pakon. TTN kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya.

#### **1.4 Tindak Turur Ngincim kanthi Samudana kang Ora Langsung**

Kanggo ngurmati wong sing dijak cecaturan utawa mitratutute, panutur nggunakake cara samudana kango medharake maksud lan tujuwan saka tuturane. Luwih cethane kaya ing ngisor iki:

(8) P : Deloken ta DPR, iki dalane manungsa utawa setan? Dhuwite sampeyan iku akeh, nata dalan kok gak isa. Titenana rungokna iku, ben weruh kabeh!

(Lihatlah DPR, ini jalannya manusia atau setan? Uangmu itu banyak, menata jalan saja tidak bisa. Ingat dan dengarkan itu, supaya tahu semua)

MT : Meneng lan manthuk-manthuk.  
(Diam dan mengangguk-ngangguk)  
(Dhata no.45)

(9) P : He ati-ati DPR Lamongan, dalam Lamongan ndang didandani, njaluk dhuwit nek negara supaya rakyate makmur. Dhuwit gawe apa ae dalan kok jek akeh sing elek. Awas lho ya

ndang didandani, mosok kalah karo Tuban!

*(Hai hati-hati DPR Lamongan, jalan Lamongan segera diperbaiki, mintalah uang dari negara supaya rakyatnya makmur. Uang dipakai untuk apa saja karena jalan masih banyak yang rusak. Awas segera diperbaiki, masak kalah sama Tuban!)*

MT : Meneng lan ngguyu.

*(Diam dan tersenyum)* (Dhata no.46)

Konteks: P ngincim DPR ing ngarepe MT supaya cepet ndandani dalam sing bujat.

(UT-JKL- DPD-TPD-SESD marang Wong akeh/ RPA- resmi)

Tuturan TTN (8) lan (9) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin lanang, drajade pamicara dhuwur, tingkat pendhidhikane dhuwur lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratutute kanthi umur enom, jinis kelamin wadon, drajade pamicara sedhengan, tingkat pendhidhikane dhuwur lan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitratutur nduweni relasi paseduluran kang adoh. Dene kahanan ing cecaturan kasebut resmi.

Rong tuladha ing ndhuwur mujudake TTN kang diwedharake kanthi lantaran wong katelu. Adhedhasar konteks tuturan panutur ora saderma menehi warta marang mitratutute nanging uga supaya dirungokake lan dikandhakake marang wong sing dikarepake. Kaya tuladha (8) lan (9).

Konteks tuturan (8) P ngudarasa marang MT ngenani DPR sing ora ndandani dalam. Tuladha (8) mujudake TTN kang diwedharake kanthi cara samudana. Panutur menehi warta yen dalane bujat. Panutur kasebut nduweni maksud supaya wong sing dikarepake kuwi krungu lan nindakake apa kang samesthine dadi kuwajibane. Wujud ukara TTN kalebu ukara carita lan ukara pakon. TTN kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya.

Ing tuturan (9) P ngincim DPR ing ngarepe MT supaya cepet ndandani dalam sing bujat. TTN kang diwedharake kanthi cara samudana. Panutur menehi warta lan mbandingake dalam Tuban lan Lamongan. Panutur kasebut nduweni maksud supaya wong sing dikarepake kuwi krungu banjur nduweni panjurung lan nindakake apa kang samesthine dadi kuwajibane. Wujud ukara TTN kalebu ukara carita lan ukara pakon. TTN kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya.

#### **2. Tindak Turur Ngincim Adhedhasar Pananggape Mitratutur**

Tindak turur ngincim minangka tindak turur perlokusi yaiku sawijine tuturan kang dituturake dening panutur bakal oleh pananggep saka mitratutute. TTN kang diwedharake panutur lumrahe ditanggepi dening mitratutute kanthi wujud respon kang maneka werna. TTN adhedhasar pananggape mitratutur iki diperang dadi 4. Luwih cethane kaya ing ngisor iki:

## **2.1 Tindak Turur Ngincim kang Katampa**

TTN bisa kalebu tindak turur perlokus i amarga saliyane menehi wejangan uga nduwe maksud liya sajrone tuturan. Adhedhasar maksud kasebut ana tanggepan saka mitratuture. Panutur nduweni maksud supaya apa sing dikarepake dilakoni dening mitratuture. Tanggepan kasebut bisa negatip uga bisa positip. Tindak turur ngincim kanthi cara blaka kang ditampa kaperang dadi loro, kaya ing ngisor iki:

Panampane TTN awujud basa yaiku pananggape mitratutur saka inciman kang diwedharake panutur lumantar wangslulan saka incimane panutur.

(10) P : Wis dikandhani bolak-balik yen kowe kabeh kudu bisa nurut marang peraturan pondok. Ora ana praturan sing bisa ngrugeni santri.

*(Sudah dikasih tahu berkali-kali kalau kamu semua harus bisa mentaati peraturan pondok. Tidak ada peraturan yang bisa merugikan santri.)*

MT : Nggih Pak ngapunten.  
*(Iya Pak maaf)*

P : Awas yen kowe nglanggar maneh bakal digundhul!  
*(Awas kalau kamu melanggar lagi akan digundul)* (Dhata no.15)

(UT-JKL- DPD-TPD-SESD marang UE-JKL-DPC-TPS-SESS/ RPC- ora resmi)

Tuturan TTN (10) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin lanang, drajade pamicara dhuwur, tingkat pendhidhikane dhuwur lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratuture kanthi umur enom, jinis kelamin lanang, drajade pamicara cendhek, tingkat pendhidhikane sedhengan lan status ekonomi sosial sedhengan. Kekarone nduweni relasi paseduluran kang cedhek. Dene kahanan ing cecaturan kasebut ora resmi.

Konteks dhata (10) P ngelengna MT supaya manut marang peraturan. Tuladha (10) kalebu TTN blaka kang katampa. Panutur pengin MT manut marang peraturan kang wis ditetepake. Adhedhasar konteks kasebut mitratutur nampa inciman kasebut kanthi pocapan lan tembung “nggih”, Inciman kasebut ditindakake dening guru marang muride. Lageyane panutur sing ditampa mitratutur yaiku TTN kang katampa awujud basa. Basa kang digunakake panutur yaiku basa ngoko amarga umure panutur luwih tuwa tinimbang mitratuture lan kango ngurmati panutur anggone mangsuli nggunakake basa krama.

## **2.2 Tindak Turur Ngincim kang Ora Katampa nanging Ora Katampik**

TTN kang ora katampa nanging ora katampik yaiku pananggape mitratutur tumraplageyane panutur kang ora bisa diarani nampa lan nampik. Lumrahe TTN kang ora katampa nanging ora katampik kanthi kinesik dititiki kanthi meruhi mitratutur kang ora manthukake sirah lan ora nggedhegake sirah nanging meneng. Biyasane uga dititiki kanthi meruhi mitratutur maringi wangslulan arupa alesan kango panyengkuyung awake.

TTN kang ora katampa nanging ora katampik

yaiku pananggape mitratutur tumraplageyane panutur kang ora bisa diarani nampa lan nampik saka inciman kang diwedharake panutur lumantar wangslulan.

(11) P : Dina minggu dimarikna sek umbah-umbahane, awas nek kluyuran sek sadurunge kwajibane mari! Nek udan mene ora bakal bisa gawe seragam sekolah.

*(Hari Minggu diselesaikan dulu cuciannya, awas kalau bermain dahulu sebelum kewajibannya selesai! Kalau besok hujan tidak akan bisa memakai seragam sekolah)*

MT : Berarti nek sampun rampung engko oleh dolan ya Buk?

*(Berarti kalau sudah selesai nanti boleh bermain ya Buk?)*

P : Iya wis sakarepmu, tapi aja sore-sore.

*(Iya sudah terserah kamu, tetapi jangan sore-sore)* (Dhata no.58)

(UT-JKW- DPS-TPS-SESS marang UE- JKW-DPC-TPC-SESS/ RPC- ora resmi)

Dhata (11) kalebu TTN kang ora katampa nanging ora katampik. Lageyane panutur sing ditanggapi mitratutur kalebu TTN kang ditanggapi kanthi pocapan. TTN kuwi ora bisa diarani katampa amarga ana panandha sing nuduhake katampik. Sawalike TTN kuwi ora bisa diarani katampik amarga ana panandha sing nuduhake katampa. Ing kene mitratutur mung menehi alasan kenapa dheweke ora bisa manut marang aturan kang diterapake, kaya lumrahe wong wedok sing ora becik kluyuran dalu lan kluyuran ngantri suwe. Dene TTN sing diandharake ora nuduhake jawaban katampa utawa katampik.

TTN kang ora katampa nanging ora katampik yaiku pananggape mitratutur tumraplageyane panutur kang ora bisa diarani nampa lan nampik saka inciman kang diwedharake panutur lumantar solah bawane mitratutur. Biyasane bisa dititiki saka solah bawane mitratutur kang meneng, mula ora nuduhake yen dheweke nampa lan nampik TTN kasebut.

(12) P : Yan, yen omongan sing sopan, dibedakna omongan karo wong tuwa lan kancane. Ora pareng sakarepe dhewe. Sinauna basa krama sing bener! Awas yen mbok baleni neh!

*(Yan, kalau berbicara yang sopan, dibedakan berbicara dengan orang tua dan temannya. Tidak boleh seenaknya sendiri. Belajarlah bahasa krama yang benar! Awas kalau kamu ulangi lagi, tidak akan saya izinkan bermain)*

MT : Nggih-nggih.

*(Iya-iya)* (Dhata no.65)

(UT-JKW-DPS-TPS-SESS marang UE- JKW-DPC-TPS-SESS/ RPC- ora resmi)

Tuturan TTN (12) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon,

drajade pamicara sedhengan, tingkat pendhidhikane sedhengan lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitratutre kanthi umur enom, jinis kelamin wadon, drajade pamicara cendhek, tingkat pendhidhikane sedhengan lan status ekonomi sosial sedhengan. Kekarone nduweni relasi paseduluran kang cedhek. Dene kahanan ing cecaturan kasebut ora resmi.

Konteks dhata (12) P menehi wejangan marang MT supaya bisa sinau basa sing bener. Dhata (10) kalebu TTN kang katampa. Lageyane panutur sing ditampa mitratutur yaiku TTN kang katampa awujud basa. Dhata (12) tuturan kang ditindakake dening Ibu marang anake kuwi ditampa kanthi pocapan lan tembung “nggih”. Tuladha kasebut nduweni maksud supaya mitratutur bisa nglakoni apa kang dikarepake panutur kango ngowahi tumindake lan dadi panjurung tumrap mitratutur supaya bisa luwih becik.

### **2.3 Tindak Turur Ngincim kang Katampik**

Pananggape mitratutur ora mung ditampa nanging uga bisa ditampik. Akeh ing masyarakat kang nanggepi kanthi negatif lan nampik nalika diincim, amarga mitratutur nduweni alasan tertamtu nalika mangsuli. Alasan kasebut bisa bener uga bisa mung gawe mbelani awake dhewe nalika diincim. TTN kanthi cara blaka kang ditampik kaperang dadi loro yaiku kaya ing ngisor iki:

Panampike TTN awujud basa yaiku pananggape mitratutur saka inciman kang diwedharake panutur lumantar wangsulan.

(13) P : Mben nek anakku lair kepindho iki aja dibedakna karo sing pertama.  
*(Besok kalau anakku lahir yang kedua jangan dibedakan dengan yang pertama)*

MT : Ah mboh lah, sing iki sebenere durung wayahe tapi piye neh.  
*(Ah tidak tahu lah, yang ini sebenarnya belum waktunya tetapi bagaimana lagi)*

P : Awas nek pilih kasih! Mene kudu adhil karo-karone.  
*(Awas kalau pilih kasih! Besok harus adil dengan keduanya)*  
(Dhata no.77)

(UT-JKL- DPC-TPS-SESS marang UE-JKW-DPS-TPD-SESS/ RPC- ora resmi)

Dhata (11) kalebu TTN kang katampik. Lageyane panutur sing ditanggapi mitratutur yaiku samudana langsung lan blaka langsung. Dhata kuwi kalebu TTN kang ditanggapi kanthi pocapan. TTN kuwi katampik awit pananggape mitratutur nduweni teges kosokbalen karo lageyane mitratutur.

Panampike TTN awujud solah bawa yaiku pananggape mitratutur saka inciman kang diwedharake panutur lumantar solah bawane mitratutur.

(14) P : Lhoh latihan maneh latihan maneh, piye karepmu seminggu latihan ping papat, wis gak usah lunga! Gak tau sinau tambah latihan TS terus.

*(Malah latihan lagi latihan lagi, bagaimana maksudmu jika seminggu latihan empat kali, sudah tidak perlu berangkat! Tidak pernah belajar malah latihan TS)*

MT : Moh, mingger pe lunga aku.  
*(Tidak mau, menyingkirlah saya mau berangkat)*

P : Terusna! Diomongi gak kenek. Awas aja turu kene engko!  
*(Teruskan! Dibilangi tidak bisa. Awas nanti jangan tidur disini)*

MT : Meneng, ganti klambi langsung metu saka omah.  
*(Diam, segera mengganti bajunya dan langsung keluar dari rumah)*  
(Dhata no.95)

(UT-JKW- DPS-TPD-SESS marang UE-JKW-DPC-TPS-SESC/ RPC- ora resmi)

Dhata (12) kalebu TTN kang katampik.

Lageyane panutur sing ditanggapi mitratutur yaiku blaka langsung. Dhata kuwi kalebu TTN kang ditanggapi kanthi pocapan. TTN kuwi katampik awit pananggape mitratutur nduweni teges kosokbalen karo lageyane mitratutur.

### **Dhiskusi Asil Panliten**

Adhedhasar andharan lan jlentrehane asil panliten, ditemokake jinise TTN adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitratutur ing Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan. Jinis TTN adhedhasar lageyane panutur diperang dadi papat. Dene jinise TTN adhedhasar pananggape ana telu.

TTN kanggo panjurung ing panggulawenthah nalika digunakake sajrone pendhidhikan wis beda karo jaman biyen. Nalika jaman biyen, murid lan anak bisa didhidhik kanggo cara kasar, nanging jaman saiki wis jarang ditemokake. Miturut teori pendhidhikan *Modern*, pendhidhikan *moral penanaman Humanisme* dilakokake kanthi cara *anti kekerasan*. Nanging miturut teori pendhidhikan *Klasik*, *penanaman Humanisme* dilakokake kanthi cara nggunakake *kekerasan* sajrone taraf wajar. *Problematika* kang ngrembaka malah tansaya *kompleks* lan ora ana pungkasane. Bisa didudut yen *degradasi moral generasi pelajar* saiki luwih ala tinimbang *pelajar-pelajar* masa pendhidhikan *klasik* jaman biyen. Saka andharan kasebut, TTN sejatiné nduweni panemu kang beda karo *saikologi modern*, amarga TTN luwih cocog digunakake ing pendhidhikan *klasik*. Nanging konsep pendhidhikan *modern* durung bisa luwih becik saka pendhidhikan *klasik*. Mula *degradasi moral generasi pelajar Indonesia* ora bisa luwih becik saka *generasi pelajar masa pendhidhikan klasik*.

Saka andharan kasebut, mula TTN ora bisa uwal saka panguripan masyarakat. Mula kudu bisa nerapake TTN kanthi cara kang pener nalika digunakake kanggo panjurung ing panggulawenthah. TTN kasebut kudu bisa diterapake kanthi cara (1) nduweni maksud becik kang bisa agawe wong sing diincim luwih bcik, (2) nalika ngincim ora nggunakake swara kasar nanging teges, (3) ora perlu nggunakake

cara kekerasan fisik, (4) bisa mangerten i kahanan sekitare nalika ngincim, (5) ngincim kanthi cara abang-abang lambe menehi panjurung. Yen kabeh kuwi wis ana sajrone inciman nanging mitratutur ora bisa manut marang inciman kasebut perlu dianakake pendekatan, yaiku kudu bisa mangerten i kahanan lan sipat mitratutur sejabine. Ing kene wis cetha banget nalika dadi pendhidhik kudu bisa nduweni strategi kang bisa agawe anak lan murid kasebut sukses. TTN arupa salah sawijining cara kang bisa dadi panjurung ing panggulawenthah. Ora sithik wong sukses jalanan saka kepeksa, selagi meksane kuwi positif kanggo kabecikane mitratutur. Wiwitane kepeksa nanging yen bisa jalani kanthi ikhlas lan temen bisa dadi wong sing sukses.

## PANUTUP

### Dudutan

Lageyane panutur ditemtokake sumber. Kabeh sumber TTN kuwi awujud rasa *simpatik* lan *empatik*, banjur nuwuhake pamikiran, *emosi* lan *daya cipta* saengga tuwuhan apa kang sinebut nalar. Nalar kang karipta dening pamicara kasebut awujud TTN. Lageyane panutur ditindakake kanthi blaka langsung, samudana langsung, blaka ora langsung lan samudana ora langsung. Panutur nindakake TTN bisa ditindakake langsung utawa nggunakake sarana wong liya. TTN kanthi blaka langsung uga luwih akeh ditindakake panutur tinimbang TTN kanthi blaka ora langsung. Dene TTN kanthi samudana langsung uga luwih akeh ditindakake panutur tinimbang TTN kanthi samudana ora langsung.

Pananggape mitratutur ditemtokake lageyane panutur. Panutur kang nggunakake cara blaka mawa abang-abang lambe akeh sing katampa dening mitratutur. Panutur kang nggunakake cara blaka mawa abang-abang lambe bisa katampa, ora katampa nanging ora katampik lan katampik dening mitratutur gumantung abang-abang lambene. TTN ora langsung ditindakake panutur marang mitratutur sing nduwe relasi pasaduluran raket, supaya bisa ditampi. Mitratutur ora nampa lan ora nampik kanthi kinesik nalika panutur nindakake TTN marang wong akeh.

Struktur sosial, relasi sosial, norma sosial lan kahanan sosial menehi daya pangaribawa tumrap TTN. Umur enom lan tuwa nindakake TTN blaka lan TTN ora blaka. Jinis kelamin lanang luwih kerep nindakake TTN tinimbang jinis kelamin wadon. TTN blaka ditindakake dening panutur kang nduweni relasi sosial cedhak lan relasi sosial adoh karo mitratutur. TTN kang nduweni relasi sosial cedhek ditindakake ing kahanan sosial kang ora resmi. Dene TTN kang nduweni relasi sosial adoh ditindakake ing kahanan sosial kang resmi. TTN kerep ditindakake kanggo panjurung ing panggulawenthah ing sajrone pondok, kang ditindakake dening kyai marang santrine. Norma sosial ing Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan sing menehi daya pangaribawa tumrap TTN yaiku perdhuli marang liyan, tepa slira, ndhidhik lan wicaksana. Teks ditemtokake dening konteks.

### Pamrayoga

Panliten ngenani TTN adhedhasar lageyan lan pananggape mitratutur kanthi lelandhesan struktur sosial isih akeh kang durung dititi kanthi jeru. Dhata sing kurang jangkep lan bab-bab liya njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panliti rumangsa yen panliten iki isih akeh kurange. Mula saka kuwi TTN isih perlu dirembakakake supaya luwih sampurna.

## KAPUSTAKAN

Antunsuhono. 1956. *Reringkesan Paramasastra Djawa*. Djogjakarta: Penerbitan Soejadi.

Anwar, Khaidir. 1995. *Beberapa Aspek Sosio-Kultural Masalah Bahasa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.

Cummings, Louise. 1999. *Pragmatik Sebuah Perspektif Multidisipliner* (Jarwan). Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Dardjowidjojo. Soenjono. 1987. *Linguistik: Teori dan Terapan*. Jakarta: Arcan.

Djajasudarma, T. Fatimah. 1994. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: PT Eresco.

Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan.

Gurnawan, Asim. 1994. "Kesantunan Negatif di Kalangan Dwibahasawan Indonesia-Jawa di Jakarta" dalam PELBA 7. Jakarta: Unika Atmajaya Press.

Ibrahim, Abdul Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional.

Ibrahim, Abdul Syukur. 1994. *Panduan Penelitian Etnografi Komunikasi*. Surabaya: Usaha Offset Printing.

\_\_\_\_\_. *Karti Basa*. Djakarta: Kementrian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan.

- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik (Edisi Ketiga)*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik*. Jakarta: Universitas Indonesia.
- Levinson, S.C. 1987. *Politeness: Some Universals in Language Usage*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan.
- Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Parera, Jos Daniel. 1990. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga.
- Poedjosoedarma, Soepomo. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Jakarta.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Noordhoff Kolff N.V.
- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogjakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Prijohoetomo, M. 1937. *Javaansche Spraakkunst*. Leiden: E.J. Brill.
- Rusydi. 1985. *Kosa Kata Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Jakarta.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Sumarsono. 2013. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda lan Pustaka Pelajar.
- Titscher, Stefan. 2009. *Metode Analisis Teks & Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Yule, George. 1996. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

